**Pou Piblikasyon Imedya:** 1/11/2022 **GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL**

# GOUVÈNÈ HOCHUL BAY NOUYÒKÈ YO MIZAJOU SOU PWOGRÈ ETA A FÈ NAN KONBAT COVID-19

***Gouvènè a ankouraje Nouyòkè yo pou kontinye itilize zouti yo pou pwoteje ak trete kont COVID-19 la: Vaksen, dòz rapèl, tès ak tretman***

***Yo te rapòte 73 lanmò nan tout eta a soti 29 oktòb rive 31 oktòb***

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te bay Nouyòkè yo mizajou sou pwogrè eta a nan konbat COVID-19.

"Avèk jou ferye yo ki toupre, mwen ankouraje Nouyòkè yo pou yo rete vijilan epi pou yo sèvi ak zouti ki disponib pou kenbe tèt yo, pwòch yo ak kominote yo an sekirite ak an sante", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Asire ou rete ajou nan dòz vaksen yo, epi fè tès anvan rasanbleman oswa vwayaj. Si ou teste pozitif, pale ak doktè ou konsènan opsyon tretman posib yo".

Gouvènè Hochul te anonse mwa pase a ke timoun ki gen laj 5 ane oswa plis ka kounye a resevwa vaksen dòz rapèl bivalan yo rekòmande pou ogmante pwoteksyon kont COVID-19.

Gouvènè a kontinye ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran dòz rapèl bivalan kont COVID-19 pa yo. Pou pran yon randevou pou yon dòz rapèl, Nouyòkè yo ta dwe kontakte famasi lokal yo, depatman sante konte lokal yo, oswa founisè swen sante yo; vizite vaccines.gov; tekste kòd postal yo bay 438829 oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki toupre yo.

Anplis de sa, Gouvènè Hochul ap ankouraje Nouyòkè yo pou yo pran vaksen kont grip anyèl pa yo pandan sezon grip la deja pwopaje nan tout Eta New York. Viris grip la ak viris ki lakòz COVID-19 la ap pwopaje an menm tan kounye a, kidonk pran vaksen kont tou de se pi bon fason pou rete an sante epi pou evite plis estrès nan sistèm swen sante a.

Depatman Sante (Department of Health, DOH) Eta a te anonse dènyèman lansman kanpay edikasyon piblik anyèl li, ki raple granmoun ak paran yo pou yo pran vaksen

kont alafwa grip ak COVID-19 pou tèt yo ak timoun ki gen 6 mwa oswa plis. Piblisite yo, ki difize nan lang angle ak espanyòl, te kòmanse difize lendi 10 oktòb la.
Pou enfòmasyon sou klinik vaksen kont grip la, [kontakte depatman sante lokal la](#) oswa vizite [vaccines.gov/find-vaccines/](#).

Enfòmasyon jodi a rezime an brèf anba la a:

- **Kantite ka pou Chak 100 Mil Moun** - 14.36
- **Kantite Ka pou Chak 100 Mil Moun an Mwayèn sou 7 Jou** - 20.07
- **Rezilta Tès yo te Rapòte yo** - 37,460
- **Total Pozitif** - 2,807
- **Pousantaj Pozitif** - 6.78%**
- **Pousantaj Pozitif an Mwayèn sou 7 Jou** - 5.92%**
- **Kantite Pasyan Ki Entène Lopital** - 2,795 (-6)
- **Kantite Pasyan ki Fèk Entène** - 962*
- **Pasyan nan Inite Swen Entansif (ICU)** - 282 (+13)
- **Pasyan nan ICU avèk Entibasyon** - 108 (-2)
- **Kantite Moun Total Yo Bay Egzeyat** - 357,048 (+811)*
- **Nouvo ka lanmò etablisman swen sante yo rapòte atravè HERDS** - 73*
- **Total lanmò etablisman swen sante yo rapòte yo atravè HERDS** - 58,827*

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tès la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (Department of Health and Human Services, HHS) federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Sistèm Done Repons Elektwonik sou Sante a (Health Electronic Response Data System, HERDS), se yon sous done DOH Eta NY ki kolekte done sou lanmò pa jou ki konfime nan lopital, mezon retrèt ak etablisman swen adilt yo rapòte yo sèlman.

**Nòt Enpòtan:** Anvigè apati lendi 4 avril, Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la p ap egzije ankò enstalasyon tès ki itilize antijèn rapid COVID-19 pou rapòte rezilta negatif. Pa konsekan, mezi pousantaj pozitif Eta New York la pral kalkile nan itilize sèlman rezilta PCR ke yo rapòte nan laboratwa. Tès antijèn pozitif yo pral toujou rapòte bay Eta New York epi rapòte nouvo ka chak jou ak ka pou chak 100 mil pral kontinye gen ladan tès PCR ak antijèn yo. Akòz chanjman sa ak lòt faktè, sa gen ladan chanjman nan pratik tès yo, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

- **Total ka lanmò CDC a rapọ̀te epi konpile** - 75,044

Done pwovizwa sou sètifika lanmò COVID-19 pa jou ke DOH Eta NY ak Vil NY rapòte bay CDC a enkli moun ki mouri nan nenpòt lokal, ki enkli lopital, mezon retrèt, etablisman swen sante, lakay yo, nan ospis ak lòt etablisman yo.

Kantite ka mwayen pa popilasyon 100 mil moun sou 7 jou pou chak rejyon se konsa:

| REJYON | Samdi 29 oktòb 2022 | Dimanch 30 oktòb 2022 | Lendi 31 oktòb 2022 |
|---|---|---|---|
| Capital Region | 15.73 | 16.71 | 16.68 |
| Central New York | 15.44 | 15.11 | 14.44 |
| Finger Lakes | 14.12 | 14.06 | 13.28 |
| Long Island | 23.55 | 23.74 | 23.94 |
| Mid-Hudson | 19.79 | 19.52 | 19.33 |
| Mohawk Valley | 16.60 | 16.31 | 15.37 |
| New York City | 22.21 | 22.36 | 22.43 |
| North Country | 14.42 | 14.46 | 14.18 |
| Southern Tier | 17.90 | 17.83 | 17.65 |
| Western New York | 16.81 | 16.01 | 15.29 |
| **Nan tout Eta a** | **20.16** | **20.20** | **20.07** |

Pousantaj rezilta tès pozitif an mwayèn sou 7 jou nan chak rejyon ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa**:

| Rejyon | Samdi 29 oktòb 2022 | Dimanch 30 oktòb 2022 | Lendi 31 oktòb 2022 |
|---|---|---|---|
| Capital Region | 7.97% | 8.15% | 7.84% |
| Central New York | 6.63% | 6.53% | 6.33% |
| Finger Lakes | 6.66% | 6.55% | 6.22% |
| Long Island | 6.25% | 6.29% | 6.32% |
| Mid-Hudson | 5.41% | 5.46% | 5.37% |
| Mohawk Valley | 7.97% | 7.77% | 7.37% |
| New York City | 5.21% | 5.31% | 5.33% |
| North Country | 7.12% | 6.91% | 6.88% |
| Southern Tier | 7.56% | 7.45% | 7.53% |
| Western New York | 10.45% | 10.14% | 9.63% |
| **Nan tout Eta a** | **5.93%** | **5.98%** | **5.92%** |

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tès la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Pousantaj rezilta tès pozitif pou yon mwayèn 7 jou nan chak minisipalite Vil New York yo ke yo rapòte pandan twa dènye jou yo repati konsa **:

| Minisipalite nan NYC | Samdi 29 oktòb 2022 | Dimanch 30 oktòb 2022 | Lendi 31 oktòb 2022 |
|---|---|---|---|
| Bronx | 5.73% | 5.94% | 6.01% |
| Kings | 4.05% | 4.07% | 4.12% |
| New York | 5.88% | 5.94% | 5.86% |
| Queens | 6.20% | 6.38% | 6.47% |
| Richmond | 5.36% | 5.41% | 5.33% |

** Akòz chanjman nan règleman sou rapò tès la Depatman Sante ak Sèvis Sosyal (HHS) federal la fè ak plizyè lòt faktè, mezi ki pi fyab pou evalye enpak viris la sou yon kominote se ka pou chak 100,000 done -- se pa pousantaj pozitivite.

Yè, te gen 2,807 Nouyòkè ki te teste pozitif pou COVID-19 nan Eta New York, sa ki fè kantite total la vin se 6,166,897. Yon repatisyon jewografik prezante konsa:

| Konte | Total Pozitif | Nouvo Pozitif |
|---|---|---|
| Albany | 74,696 | 46 |
| Allegany | 10,322 | 2 |
| Broome | 55,639 | 21 |
| Cattaraugus | 18,509 | 10 |
| Cayuga | 19,470 | 6 |
| Chautauqua | 28,209 | 19 |
| Chemung | 25,370 | 14 |
| Chenango | 11,257 | 11 |
| Clinton | 21,298 | 4 |
| Columbia | 12,934 | 3 |
| Cortland | 12,725 | 2 |
| Delaware | 9,586 | - |
| Dutchess | 78,846 | 30 |
| Erie | 256,929 | 69 |
| Essex | 7,243 | 1 |
| Franklin | 11,592 | 6 |
| Fulton | 15,791 | 6 |
| Genesee | 15,880 | 6 |
| Greene | 10,309 | 3 |
| Hamilton | 1,031 | - |
| Herkimer | 16,735 | 5 |
| Jefferson | 25,270 | 21 |
| Lewis | 7,030 | 4 |
| Livingston | 13,756 | 4 |
| Madison | 16,098 | 6 |
| Monroe | 182,541 | 43 |
| Montgomery | 14,364 | 3 |

| | | |
|---|---|---|
| Nassau | 507,680 | 274 |
| Niagara | 57,114 | 21 |
| NYC | 2,863,374 | 1,396 |
| Oneida | 65,889 | 34 |
| Onondaga | 136,767 | 45 |
| Ontario | 24,706 | 6 |
| Orange | 129,587 | 47 |
| Orleans | 10,076 | 2 |
| Oswego | 33,009 | 12 |
| Otsego | 12,635 | 6 |
| Putnam | 29,298 | 17 |
| Rensselaer | 39,753 | 14 |
| Rockland | 110,772 | 34 |
| Saratoga | 58,462 | 24 |
| Schenectady | 41,510 | 21 |
| Schoharie | 6,246 | 3 |
| Schuyler | 4,179 | 2 |
| Seneca | 7,247 | 7 |
| St. Lawrence | 25,347 | 8 |
| Steuben | 24,107 | 11 |
| Suffolk | 525,325 | 244 |
| Sullivan | 22,847 | 12 |
| Tioga | 13,364 | 4 |
| Tompkins | 25,230 | 16 |
| Ulster | 40,197 | 22 |
| Warren | 17,785 | 12 |
| Washington | 14,912 | 7 |
| Wayne | 20,811 | 3 |
| Westchester | 311,384 | 156 |
| Wyoming | 9,612 | 2 |
| Yates | 4,242 | - |

Anba a gen done ki montre konbyen moun ki entène ki te teste pozitif pou COVID-19 ke yo te admèt pou COVID-19/konplikasyon COVID-19 ak konbyen ke yo te admèt pou kondisyon ki pa COVID-19:

| **Rejyon** | **Pasyan COVID-19 yo aktyèlman entène** | **Admisyon akòz COVID oswa konplikasyon COVID** | **Pousantaj (%) admisyon akòz COVID oswa konplikasyon COVID** | **Admèt kote COVID pa enkli kòm youn nan** | **Pousantaj (%) yo admèt kote COVID pa enkli kòm** |
|---|---|---|---|---|---|

| | | | | rezon pou admisyon | youn nan rezon pou admisyon |
|---|---|---|---|---|---|
| Capital Region | 163 | 104 | 63.80% | 59 | 36.20% |
| Central New York | 96 | 53 | 55.20% | 43 | 44.80% |
| Finger Lakes | 286 | 77 | 26.90% | 209 | 73.10% |
| Long Island | 490 | 225 | 45.90% | 265 | 54.10% |
| Mid-Hudson | 291 | 106 | 36.40% | 185 | 63.60% |
| Mohawk Valley | 46 | 28 | 60.90% | 18 | 39.10% |
| New York City | 1,095 | 429 | 39.20% | 666 | 60.80% |
| North Country | 67 | 27 | 40.30% | 40 | 59.70% |
| Southern Tier | 108 | 53 | 49.10% | 55 | 50.90% |
| Western New York | 153 | 70 | 45.80% | 83 | 54.20% |
| **Nan tout Eta a** | 2,795 | 1,172 | 41.90% | 1,623 | 58.10% |

Kounye a, varyant Omikwon an reprezante plis pase 95% viris ki an sikilasyon. Pou jwenn plis enfòmasyon sou trasaj varyant lan, tanpri vizite isit la: (Done Varyant COVID-19 | Depatman Sante (ny.gov).

Soti samdi, 29 oktòb rive lendi 31 oktòb, te gen 73 nouvo lanmò total yo te rapòte akòz COVID-19, sa ki mennen total la nan 58,827. Repatisyon jewografik la prezante konsa, dapre konte rezidans:

| **Konte** | **Nouvo Lanmò yo** |
|---|---|
| Bronx | 1 |
| Cayuga | 1 |
| Chautauqua | 1 |
| Chemung | 2 |
| Chenango | 1 |
| Clinton | 1 |
| Delaware | 1 |

| | |
|---|---|
| Erie | 5 |
| Herkimer | 1 |
| Kings | 8 |
| Madison | 1 |
| Monroe | 1 |
| Montgomery | 1 |
| Nassau | 7 |
| New York | 8 |
| Niagara | 1 |
| Oneida | 3 |
| Onondaga | 1 |
| Queens | 5 |
| Rockland | 3 |
| Saratoga | 5 |
| Schenectady | 1 |
| Suffolk | 6 |
| Sullivan | 1 |
| Tioga | 1 |
| Ulster | 1 |
| Warren | 1 |
| Wayne | 1 |
| Westchester | 3 |
| Montan Total | 73 |

*Nòt Enpòtan: Yo te sispann koleksyon done HERDS ki soti nan etablisman swen sante yo akoz wikenn lan epi yo te reprann nan 31/10/2022. Kote yo endike sa, total yo gen ladan twa jou done kimile soti 29/10/2022-31/10/2022. An konsekans, kèk done ka parèt pi wo pase dènye tandans yo. Done ki afekte yo make ak yon etwal.*

Yo ankouraje Nouyòkè k ap chèche pran randevou pou vaksen pou timoun ki gen 5-11 zan yo pou yo kontakte pedyat pitit yo a, doktè fanmi yo, depatman sante konte yo, Sant Sante ki Kalifye nan nivo Federal (Federally Qualified Health Centers, FQHCs) yo, sant sante riral yo, oswa famasi ki ka bay vaksen yo pou gwoup laj sa a. Paran yo ak gadyen yo ka vizite vaccines.gov, voye mesaj tèks kòd postal yo nan 438829, oswa rele 1-800-232-0233 pou jwenn lokal ki tou pre yo. Asire w ke founisè a ofri vaksen Pfizer-BioNTech COVID-19 la, paske lòt vaksen COVID-19 yo pa ko otorize pou gwoup laj sa a.

Vizite sitwèb nou an pou paran ak gadyen yo jwenn nouvo enfòmasyon, kesyon ak repons yo poze souvan yo, ak resous ki fèt espesyalman pou paran ak gadyen nan gwoup laj sa a.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418